

TOUT MOUN KAPAB RESEVWA SÈVIS SWEN SANTE NAN NYC:

Kesyon Moun Poze Souvan pou Imigran Nouyòkè yo

Tout Nouyòkè gen dwa pou yo jwenn bonjan kalite swen sante, kèlkeswa kondisyon imigrasyon yo oswa mwayen yo genyen pou peye. Pran swen tèt ou ak swen fanmi w, epi resevwa sèvis swen sante ou bezwen yo. Anpil sèvis Vil la bay, ki gen ladann sèvis swen sante ak sèvis sosyal, disponib pou tout Nouyòkè yo, kèlkeswa kondisyon imigrasyon yo.



ASIRANS SANTE

Pou ki plan asirans sante mwen kapab enskri?

Imigran Nouyòkè yo gen anpil opsyon pou asirans. Timoun k ap viv nan Eta New York yo kapab jwenn asirans sante, menmsi yo pa gen papye. Depatman Sante ak Ijyèn Mantal NYC (NYC Department of Health and Mental Hygiene) (Depatman Sante NYC) gen Konseye pou Aplikasyon ki Sètifye ki kapab ede w konnen si ou elijib ak kijan pou enskri pou asirans sante. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele **311**, ekri “CoveredNYC” nan yon mesaj tèks epi voye l bay 877-877 oswa ale sou nyc.gov/health/healthcoverage.

Si w ap vizite NYC Health + Hospitals, mande pou yon Konseye Finansye ede w jwenn asirans sante. Sonje, ou gen dwa pou resevwa sèvis nan lang ou prefere a, e sa gen ladann tradiksyon ekri ansanm ak sèvis entèpretasyon an pèsòn oswa nan telefòn.

NYC CARE

Mwen pa elijib pou asirans sante. Kijan mwen kapab resevwa sèvis swen sante yo?

NYC Care se yon pwogram aksè nan swen sante ki bay sèvis ki bon mache ak sèvis ki gratis pou Nouyòkè ki pa kapab jwenn oswa ki pa kapab peye pou asirans sante. NYC Care pa yon plan asirans sante. Sepandan, si ou gen NYC Care, ou kapab resevwa yon kat abònman pou gen aksè ak sèvis swen sante, pou chwazi pwòp pwofesyonèl swen sante pa w epi pou resevwa medikaman ki bon mache. NYC Health + Hospitals founi tout sèvis NYC Care yo.

Konbyen NYC Care koute? Kijan mwen kapab enskri pou NYC Care?

Sèvis swen sante NYC Care yo swa bon mache oubyen yo gratis, sa depann de gwosè fwaye w ak revni fwaye w. Pou enskri pou NYC Care, rele 646-NYC-CARE (646-692-2273) oswa mande pou rankontre avèk yon Konseye Finansye nan nenpòt lokal NYC Health + Hospitals. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou nycare.nyc.

SWEN DIJANS POU NOUYÒKÈ KI PA GEN ASIRANS SANTE

Mwen pa gen asirans sante men mwen bezwen swen dijans. Kijan mwen kapab peye pou li?

Emergency Medicaid ede imigran Nouyòkè ki pa gen papyè ki gen revni ki ba epi ki gen estati tanporè yo, peye pou sèvis swen sante nan ka dijans. Imigran Nouyòkè ki elijib pou Emergency Medicaid ka petèt kalifye tou pou NYC Care pou yo kapab kouvri depans pou sèvis ki pa ijan yo, tankou vizit kay pwofesyonèl medikal yo ak pou medikaman.

Ou kapab enskri pou Emergency Medicaid nenpòt ki lè pou si w ta vin gen yon ijans. Si w ap vizite NYC Health + Hospitals, mande pou yon Konseye Finansye pou li kapab ede ou enskri. Ou kapab resevwa swen dijans nan nenpòt lopital ki nan NYC, kèlkeswa kondisyon imigrasyon ou oswa mwayen ou genyen pou peye. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele 311 oswa ekri “CoveredNYC” nan yon mesaj tèks epi voye l bay 877-877.

CHAJ PIBLIK

Kisa règ sou chaj piblik la ye? Èske li toujou anvigè?

Nan mwa Out 2019 la, administrasyon Trump lan te anonse yon nouvo règ sou chaj piblik. Règ sa a te eseye anpeche imigran yo jwenn yon kat rezidans (grinkat) oswa yon viza si yo te itilize yon seri avantaj piblik — tankou Medicaid, asistans pou manje oswa asistans pou lojman — oswa si gouvènman federal la te panse te gen chans pou yo ta vin depann sou avantaj piblik yo alavni. Sepandan, règ sou chaj piblik administrasyon Trump lan fini. Apati 9 Mas 2021, Depatman Sekirite Nasyon Ameriken (U.S. Department of Homeland Security) te deklare li pral retounen itilize règleman ki te anvigè avan mwa Out 2019 la. Pou jwenn plis enfòmasyon ak mizajou, ale sou nyc.gov/publiccharge.

Kijan m ap fè konnen si règ sou chaj piblik la aplikab pou mwen?

Si w gen kesyon sou chaj piblik, rele liy asistans telefonik ActionNYC a nan 800-354-0365 depi 9 a.m. jiska 6 p.m., Lendi jiska Vandredi, epi di “public charge” (chaj piblik) pou jwenn enfòmasyon san pèdi tan epi ki fyab ansanm ak enfòmasyon pou w konekte w ak èd jiridik ki gratis e san danje sou kesyon imigrasyon ke Vil la finanse. Liy asistans telefonik la gratis epi li anonim, epi w ap jwenn èd disponib nan plis pase 200 lang.

APLIKASYON LWA SOU IMIGRASYON AK AKSÈ NAN SWEN SANTE

Mwen se yon imigran ki pa gen papyè. Èske pwofesyonèl swen sante m ka denonse m bay otorite federal sou zafè imigrasyon yo, tankou Sèvis ki Ranfòse Imigrasyon ak Ladwàn (Immigration and Customs Enforcement, ICE)?

Pwofesyonèl swen sante yo dwe pwoteje vi prive pasyan yo, kèlkeswa kondisyon imigrasyon yo. Lopital ak klinik yo pa pataje enfòmasyon pasyan yo san otorizasyon pasyan an, sof si se lalwa ki mande pou yo fè sa. Pou jwenn plis enfòmasyon sou kijan pwofesyonèl swen sante yo pwoteje vi prive imigran yo, ale sou nychealthandhospitals.org/immigrant epi li Open Letter to Immigrant New Yorkers (Lèt Piblik pou Imigran New York) H+H la.

Kisa pou m fè si ajan ICE yo vini nan lopital la?

Ou pa oblije pale ak ICE. Si yon ajan ICE tante antre nan yon espas prive, tankou nan chanm lopital kote w ye a, ou gen dwa pou pa louvri pòt la pou li epi pou mande l si li gen yon manda jidisyè. Yon manda jidisyè se yon dokiman jiridik yon tribinal bay, yon jij siyen, ki otorize yon moun oswa yon gwoup moun fè yon bagay. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou nyc.gov/immigrants epi chache **know your rights** (konnen dwa w yo). Si yon ajan ICE kenbe ou menm oswa yon pwòch ou an detansyon, ou kapab rele Sèvis Kolaborasyon pou Entèvansyon Jiridik Rapid (Rapid Response Legal Collaborative) la nan 800-354-0365 pou jwenn asistans jiridik gratis e ki san danje.